Ngadani Bêndungan Tambak Agung, Pigeaud, 1953, #1457

Katalog : Ngadani Bêndungan Tambak Agung, Pigeaud, 1953, #1457

Sambung : -

Ngadani Bêndungan Tambak Agung

1. Kinanthi

1. awit saking karsanipun | Jêng Gusti Pangran Dipati | Arya Amangkunagara | ping sakawan kang piniji | mirungga ajudhanira[1] | jêng raja nagri Walandi ||

2. Ridêr ing Ordhê satuhu | Nèdêrlan Sêleyo nami | kolnèl myang komandhanira | lèsiyunipun pribadi | ing nagari Surakarta |

--- 2 : 2 ---

têlênging karaton Jawi ||

3. bilih mangke karsanipun | yasa bêndungan banawi | wontên dhusun ing Maguwan | tanah Sêmbuyan kang nginggil |[2] supados ing toyanira | lumèbèr mring têgal sabin ||

4. karsa kang makatên wau | sèstu dadosakên sami | bingah myang panuwunira | abdi dalêm among tani | wit wêwah pasilanira | marakkên rèh kang basuki ||

5. mila ing dintên winastu | Jêng Gusti Pangran Dipati | Arya Amangkunagara | kadhèrèkkên putra kalih | Jêng Pangran Gôndasuputra | lan Gôndaatmaja ari ||

6. nyalirani karsanipun |

--- 2 : 3 ---

ngawiti anambut kardi | masang banoning bêndungan | kang tumrap dhasaring warih | sarta mawi kajênêngan | wakil jêng gupêrmèn kalih ||

7. jêng tuwan ingkang sinêbut | K. A. L. Y. Yèkêl nami | residhèn ing Surakarta | lawan kangjêng tuwan malih | Van Ordhên ing namanira | asistèn ing Wanagiri ||

8. lawan pra administratur | dêmang rôngga lawan naib | sadaya bawah Sêmbuyan | kang supados pandamêling | bêndungan gya kalêksanan | rampung ramping mikantuki ||

9. makatên ing karsanipun | jêng gusti anyalirani | dados sokur bingahira |

--- 2 : 4 ---

sagunging kang para abdi | tanah Sêmbuyan sadaya | ciptantuk barkahing Gusti ||

10. dèntên mangke kang tinuduh | kapitados ngundhagèni | panambute ing bêndungan | abdi dalêm Tuwan Portir | pangagêng ing Eramaka | lan Dêmang Pôncajahnawi ||

11. kang bantoni karsanipun | bawah kapanewon kalih | Giritôntra Baturêtna | kabayar kados galidhig | mila sagung narakarya | tan wontên mingkuh ing kardi ||

12. dumadi wadya sawêgung | samya ngaturkên basuki | miwah muja kastawanta | ingkang mugi kangjêng gusti | pinanjangna yuswanira |

--- 2 : 5 ---

kadugèna kang kinapti ||

13. winantua nugraha gung | myang kamulyaning dumadi | sumrambah mring garwa putra | wayah buyut sapawingking | lulusa darbèni praja | pinundhi-pundhi salami ||

14. titi panitraning têmbung | nujwari Salasa Paing | tanggal kaping tigang dasa | Rêjêb Dal sangkalèng warsi | muji kumbul sariranta | Jêng Gusti Pangran Dipati || [3]

ajudanira (dan di tempat lain). (kembali)

§ Tlatah Sêmbuyan inggih punika Kabupatèn Wanagiri Mangkunagaran ingkang sisih kidul. (kembali)

§ Taun Jawi 1807, taun Walandi 1878, wulan Juli. [Sengkalan: muji kumbul sariranta Jêng Gusti Pangran Dipati (Sêlasa Paing, 30 Rêjêb 1807 A.J., Rabu, 31 Juli 1878 A.D.)]. (kembali)